


Moun ki Malantandan



Re-adaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay ki enteresan.

Re-adaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) se yon divizyon nan Depatman Edikasyon Florida a, misyon li se ede moun ki gen andikap, ki gen 14 lane epi ki pi gran yo, jwenn yon travay konpetitif epi ki entegre. Atravè sèvis li bay moun ki soud yo, ki malantandan, oswa moun ki tande di yo, moun ki soud epi ki avèg yo, VR defann filozofi ki fè konnen travay posib pou nenpòt moun lè gen bonjan sipò ki anplas.

Pou moun ki malantandan yo, VR ka ede moun ki kalifye yo gras ak aranjman ki pèmèt ou kominike avèk konfyans pandan randevou ak konseye VR ou a, pandan entèvyou pou travay yo ak pandan w ap travay. Objektif la se pou ou kapab jwenn epi konsève yon travay oswa chwazi yon karyè ki pral mennen nan yon pi gwo otonomi.

Sèvis ki disponib yo gen ladan yo:

- Entèprèt lang siy ak/oswa aparèy ki pèmèt moun koute pou chèche travay ak entèvyou pou travay.
- Yon konseye nan travay pou ede w ekri yon CV epi aplike pou travay.
- Kou lang siy debaz pou kòlèg ou yo.
- Fòmasyon pou patwon sou fason pou yo kominike ak ou.

Patnè Reyadaptasyon Pwofesyonèl

VR kapab voye w bay yon ajans patnè pou lòt sèvis, tankou Ajans pou Moun ki gen Andikap, Sous Karyè Florida, Divizyon Sèvis pou Moun ki Soud ak sant lokal vi otonòm.

Fason pou aplike



Rele nan 850-245-3399 oswa nan nimewo gratis 800-431-4327. Endike operatè a non konte ou abite a. Y ap transfere w bay biwo VR ki pi pre a. Ou kapab itilize Relè Videyo oswa Relè Florida 711.



Ale anliy sou RehabWorks.org pou jwenn fòm oryantasyon VR ak Repètwa Biwo VR la.

Resous Anliy

Asosyasyon Granmoun ki Malantandan

www.alda.org

Pwogram Medya yo Dekri epi Soutitre

www.dcmp.org

Asosyasyon Moun ki Soud nan Florida

www.fadcentral.org

Konsèy Kowòdinasyon pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di nan Florida

www.fccdhh.org

Florida Telecommunications Relay Inc.

www.ftri.org

Asosyasyon Ameriken pou Moun ki Malandan

www.hearingloss.org

Helen Keller National Center

www.hellenkeller.org

Asosyasyon Nasyonal pou Moun ki Soud

www.nad.org

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850-245-3399
800-451-4327



www.RehabWorks.org



Depatman Edikasyon Florida,
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl, Pwogram pou Travay.
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Division of Vocational Rehabilitation, VR), se yon patwon ki respekte prensip egalite chans yo. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR la itilize pou l detèmine kalifikasyon nan sèvis li yo, tout sèvis ki vini aprè yo ak asanm pwosesis VR la soumèt ak egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR la resevwa 78,7 % nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken. Pou ane fiskal Federal 2021 an, kantite total lajan sibvansyon yo te bay yo te evalye a \$176,521,122. Florida State Appropriations te finanse rès 21.3 pou san nan depans yo (\$47,775,094). Revize nan mwa Oktòb 2022.